

# Marisake Basa Lan Kapribaden Jawa Kanthi Dolanan Bocah

(Oncek –Oncek Layang Serat Rarywa Saraya)

Anggitane K.P.A. Koesoemadiningrat

Dening: Dra. Suyami, M. Hum.

---

## **ABSTRAK**

Dolanan bocah (dolanan Jawa) kacipta ora mung kanggo sarana panglipur wuyung, iburan, apadene kanggo ngisi wektu lodhang, ananging luwih saka kuwi, yaitu minangka sarana lan wahana kanggo nanemake piwulang-piwulang kang aji kanggo bocah, malah kepara uga kanggo wong tuwa.

Dolanan bocah uga bisa dadi sarana kang maedahi kanggo marisake basa lan kapribaden Jawa. Mligine dolanan bocah kang nganggo dikantheni tetembangan. Kanthi dolanan sinambi tetembangan kang abasa Jawa, bocah kepeksa dadi kulina nglapalke tembung-tembung Jawa. Apa maneh dolanan kang nganggo dikantheni pacelathon, bisa ndadekake bocah kepeksa bisa mengerteni lan ngetrapke unggah-ungguhing basa Jawa. Kayata, dolanan Bibi Tumbas Timun, Soyang, Jaratu, lan liya-liyane.

Kejaba saka kuwi, miturut andharane K.P.A. Koesoemadiningrat kang kaserat ing layang Serat Rarywa Saraya (1913), pranyata tembang-tembang dolanan Jawa uga ngandhut piwulang kang magepokan karo piwulang kapribaden.

Tembung kunci: pewarisan; bahasa; kearifan; Jawa; permainan; tradisional

## **A. Purwaka**

Wus kaprah dimangerteni menawa basa lan sastra Jawa mono mujudake sumber piwulang babagan kapribaden kang adi luhung. Basa Jawa kanthi tataran unggah-ungguhe cetha miwulangake marang kang celathu ngenani kepriye anggone kudu tumindak apadene ngucap marang kang diajak caturan. Basa Jawa mulangake tatakrama lan sopan santun ing jagading cecaturan, kang sabanjure bakal numusi marang tataran kapribadene. Ananging ing wektu iki kahanan lan langanggone basa Jawa ing jagading

pasrawungan padinan wus saya kasisih, kaesuk dening anane basa nasional apadene basa manca.

Kearifan Jawa bisa ndadekake manungsa nduweni watak wicaksana, sopan, andap asor, ramah, tepa slira, minangka manungsa kang nduweni watak utama. Sing dadi undering perkara, ing wektu iki basa, sastra, apadene kabudayan Jawa wus akeh ditinggalake dening para penyambung (generasi penerus) manungsa Jawa. Akeh wong Jawakang wus ora mangerteni basa, sastra, apadene budaya Jawa. Tundhone kaya dene ramalane Jangka Jayabaya 'wong Jawa ilang Jawane' kang tegese 'wong Jawa wus kelangan jatidhiri kapribaden Jawa-ne. Kahanan ini cetha wela-wela ing kasunyataning urip padinan kang pranyata akeh manungsa, kalebu manungsa Jawa, kang luwih seneng ngatonake watak brangasan, mentingke butuhe dhewe, lan ora duwe isin. Watak kaya ngono kuwi kanggone kapribaden Jawa banget nistha.

Ing jagading sesrawungan kapribaden Jawa nengenake watak luwih mentingke lan ngajeni liyan, ngasorake awake dhewe. Ing samubarang tindak tanduk kudu alus. Ing samubarang pangucap kudu atul ngarah-arrah. Kang kaya mengkono kuwi pamrihe ora liya supaya nyenengake liyan kang asring katembungake karyenak tyasing sesama. tyasing sesama, kang tundhone murih ing pasrawungan lujmaku enak kepenak, ora ana sanggarunggi lan dredah bengkenengan. Tembunge yen ana rembug dirembug. Kapribaden Jawa uga nengenake tembung wirang-isin. Budaya isin neng kapribaden Jawa dipadhakake karo rai. Kacihna, menawa ana pawongan kang kejudheran nindakake pakaryan kang ngisin-isini diarani ora duwe rai utawa raine arep didokok ngendi. Semono uga tumrap pawongan kang ora mraduli nindakake pakaryan kang ngisin-isini diarani rai gedheg ateges ora duwe isin. Budaya kaya ngono kuwi ing wektu iki wus ora dipaelu maneh. Lumrahe wong saiki wis ora idhe pisin nindakake pakaryan apa wae, sing baku pepenginan kaleksanan.

Kahanan kaya ngono kuwi dumadi jalaran anggone marisake lan nandur basa, sastra lan budaya Jawa pedhot neng tengah dalan. Piwulang luhur kang diwarisi saka para leluhur ora genti diwarisake marang trah para penyambung. Werna-werna kang njalari anane basa, sastra lan budaya Jawa saya ditinggal lan ora dipaelu dening para penyambung. Jalarane antara liya amarga kurang ditepungake, disrawungake, lan didunungake marang para penyambung menawa basa, sastra lan budaya Jawa kuwi duwe pengaji pethingan (linuwih) kang bisa gawe mongkog lan migunani tumrap penguripan. Ngenani kahanan kaya mengkone iki akeh priyayi kang banjur

nyalahake jagading pamulangan formal (sekolahan) kanthi njaluk basa, sastra lan budaya Jawa dilebokake kurikulum sekolah.

Marisake basa, sastra lan budaya Jawa ora cukup ditindakake lewat sekolahan. Wektu sinaune bocah neng sekolahan banget winates. Kangmangka sanggan kang kudu disinau akeh banget. Iku durung sanggan rasa was sumelang amarga nasipe gumantung wulangan kang di-UN-ke. Wulangan basa Jawa ing sekolahan durung mesthi bisa nggepok sari-pathine kanggo nyithak kapribaden kajawen. Apa maneh yen ndeleng materi wulangan basa Jawa kang akeh-akehe mung asipat teoritis, kurang asipat praktis.

## **B. Marisake Bahasa, Sastra lan Budaya Jawa kanthi Dolanan Bocah**

Panyerat, kanthi pengalaman minongka peneliti lan pamomong sanggar seni tradisional, sawise njinggleng lan migatekake, pranyata dolanan bocah bisa dadi sarana kang maedahi kanggo marisake basa lan kapribaden Jawa. Mligine dolanan bocah kang nganggo dikantheni tetembangan. Kanthi dolanan sinambi tetembangan kang abasa Jawa, boicah kepeksa dadi kulina nglapalke tembung-tembung Jawa. Apa maneh dolanan kang nganggo dikantheni pacelathon, bisa ndadekake bocah kepeksa bisa mengerteni lan ngetrapke unggah-ungguhing basa Jawa. Kayata, dolanan Bibi Tumbas Timun, Soyang, Jaratu, lan liya-liyane.

Kejaba saka kuwi, miturut andharane K.P.A. Koesoemadiningrat kang kaserat ing layang Serat Rarywa Saraya (1913), pranyata tembang-tembang dolanan Jawa uga ngandhut piwulang kang magepokan karo piwulang kapribaden. Gamblange, tembang-tembang dolanan mono sejatine mujudake sarana kanggo nyithak kapribaden luhur. Ananging kayadene kang wis kita mangerteni, leluhur Jawa iku ora seneng blaka suta. Samubarang piwulang tansah sinandhi ing sasmita, sinamun ing samudana. Mula kanggone kang limpat diarani cukat tanggap ing sasmita. Mengkono uga dolanan bocah, pranyata uga mujudake sarana pamulangan kapribaden Jawa kang sinandi. Dene bisane mangerteni ancas lan karepe wulangan kapribaden kang kinandhut ing jagading dolanan bocah kasebut kudu kanthi sarana ngonceki tegesing tembung-tembung kang kinandhut ing tembang-tembang kang kanggo ngiringi patrape dolanan.

Miturut cathetan adhedhasar buku-buku kuna, dolanan bocah (dolan Jawa) apese ana 477 werna. Nanging, ing wektu iki akeh dolanan bocah kang wis ora dimangerteni. K.P.A. Koesoemadiningrat, ing Serate kang

sesirah Rarywa Saraya (1913) dolanan bocah (dolanan Jawa) kacipta ora mung kanggo sarana panglipur wuyung, iburan, apadene kanggo ngisi wektu lodhang. Ananging luwih saka kuwi, dolanan bocah bisa dadi sarana lan wahana kanggo nanemake piwulang-piwulang kang aji kanggo bocah, malah kepara uga kanggo wong tuwa.

K.P.A. Koesoemadiningrat ing Serat Rarywa Saraya kasil ngonceki 60 werna dolanan bocah (dolana Jawa) kang ngandhut piwulang sindandi. Dolanan-dolanan kasebut yaiku:

1. Dhempo Talutameng
2. Jamuran Gegethok
3. Tombaran Picek Jengkol Mekemekan
4. Luru-luru Widara
5. Jonjangkung
6. Manuk-manuk Dipanah
7. Bibibi Tumbas Timun
8. Ri-uri jang-anjang widadari
9. Banyon Mandi Mamahane Putra Wali
10. Trasi-trasi Dhele-dhele Trasi
11. Gula Ganthi Pantese Sinjang Loka
12. Jambe-jambe Thukul
13. Dhongdhongkir Kakrasana Ri Cumethi
14. Sobrah Ja Ngambah-ngambah Lemah
15. Kutu-kutu sinundukan
16. Jaratu-jaratu Silandana
17. Ni Thowok
18. Iilir-ilir Gunanthi
19. Iilir-ilir Tandure Wong Semilir
20. Jeruk Jingga Neblem
21. Cublak-cublak Suweng
22. Cublak Suweng Kenthung
23. Koning-koning Kawula
24. Jonjang Ther
25. Widara-widara Kayun
26. Jongjaling Si Jaling Sorote Kuning
27. Riyo-Riyo Bang Madeya
28. Sobloge Regeregan
29. Cempa Rowa Pakanamu Widara
30. Jangan Kare Rerere Sekaterema

31. Bung-bung Legi Dhendheng Age Kuwih Maha
32. Sulus Kangkung Enet
33. Prit-prit Aking Kandhang Jaro
34. Rembulan Gedhe Ana Santri Menek Jambe
35. Bulan-bulan Tan Kana
36. Sulus Kangkung Merambat ing Layar Cindhe
37. Cohung Ora Gombak Ora Kuncung
38. Tes-tes Lung Lincak-lincak Neng Delanggung
39. Sluku-sluku Bathok
40. Dolanan Ana Wewe Kadi Wetan
41. Yun-yun Bandul
42. Tikus Pithi Yayi
43. Kembang Pepe Pindha Loyang
44. Yuyu-yuyu Setumbu
45. Ce Cah Ladak Gunung Pace
46. Blarak-blarak Sempal
47. Pring-pring Sekodhi
48. Watu-watu Bunder
49. Jarase-jarase Kutha Wara
50. Kembang Kapas Roning Kamal
51. Cengkir Legi Digoreng Lenga Wangi
52. Beg-ebeg Duduh Tape
53. Rame-rame Ketelu Dhuwa
54. Jeruk Gulung Anom
55. Angkling Ketumbar Wulung
56. Jamur Cepaki
57. Anti Jogeda Selaning Danar
58. Garengpu le Adang Rung Tapung
59. Pendhisil Pandhita Leng-ulengan
60. Kowokan Ja Demak-demak Eko

### **C. Piwulang Sinandi kang kakandhut ing Dolanan Bocah**

Ewa semono, ing kalodhangan iki panyerat ora bakal njlentrehake sakabehing piwulang kang kakandhut ing 60 werna dolanan mau. Minangka tuladha, ing kene dakcuplikake 2 werna kang cetha gegayutane karo kupiya marisake basa lan kapribaden kejawen, yaiku: dolanan Bibi Tumbas Timun, lan Uri-uri.

## 1. Dolanan Bibi Tumbas Timun:

Cakepan tembang Bibi Tumbas Timun

Bi-bibi tumbas timun, dhedhekane Mbok Bibi Tanureja

Murmeg murwa untune kena diprada lambene kena digrenda

Bibi-bibi tumbas timun, sigar mawon

Piwulang kang kakandhut ing dolanan Bibi Tumbas Timun bisa kadhudhah kanthi ngonceki cakepan tembange.

- tembung “bibi” minangka sebutan kanggo pawongan kang lujuh tuwa.
- tembung “tumbas” (tuku) mujudake kupiya kanggo ndarbeki samubarang
- tembung “timun” minangka jarwa dhosok saka tembung “tinemumu” (panemu).
- tembung “dhedhekane” ngandhut teges ‘sing diinceng/digegadhang’
- tembung “Mbok Bibi Tanureja” minangka saloka kanggo ‘wong tua kang wis kasil ing uripe’ (tanu = kajen, reja = mulya). Sing dikarepke ‘urip kasil’ ing kene ora ateges kasil ing babagan bandha utawa kadonyan, ananging wong kang wis sempurna ing babagan kerohanian.
- tembung “murmêg murwa” minangka ungkretan saka tembung “umure wus tumeg” lan tembung “umure wus dawa”.
- tembung “untune kena diprada” mawa karep menawa apa wae kang metu saka lisane ngandhut kaendahan/kabecikan.
- tembung “lambene kena digrenda” mawa karep menawa apa wae kang kaucap saka lesane tansah alus, atul, ora nate ngucapake tembung elek/kasar.
- tembung “Bi Bibi tumbas timun sigar mawon”, tembung “sigar” tegese ‘mbedhah’. Ing kene kang dikarepake minangka saloka ‘mbedhah ilmu kang maune katutup rapet (sinengker) supaya dibukak / dijlentrehake’.

Ing kene bisa ditegesi menawa dolanan bocah “Bi Bibi Tumbas Timun” ngandhut piwulang sinandi menawa wong enom (para penyambung) kudu ngulinakake sesrawungan karo para sesepuh, saperlu nimba ilmu lan nulad apa kang wus ditindakake. Kaya mengkono iku jalaran wong tuwa wus sugih pengalaman ngenani kahananing urip lan wis nglakoni kanthi slamet, mligine kanggo wong tuwa kang wus kasil lan tumanja ing uripe.

Ukuran wong tuwa kang wus kasil lan tanja uripe ora mung kang wus tuwa umure utawa akeh bandha donyane. Ananging kang dikarepake yaiku wong kang wus sampurna ing babagan kawruh, ngelmu kepinteran apadene

penggalihe. Priyayi kang kaya mengkono iku bisa katitik saka pangandikane kang mentes lan mumpangati sarta tindak danduke kang alus tulus tumusing batin.

## 2. Dolanan Uri-uri

Cakepan tembang uri-uri:

- Ri-uri, ri-uri, njang-anjang widadari
- Cêlèrèt tiba nyamplung kêtundhung kêmbangé apa
- (milih kembang, upamane ‘kembang mawar’)
- Mbang mawar, mbang mawar Siti oleh wong cupar
- Cupar-cupar cikbéna tunggane gajah bêlang, ali-ali mêmanikan
- Thik-thik suruh sêcandhik gêdhé cilik padha mêthik

Kaya dene dolanan Bibi Tumbas Timun, Piwulang kang kakandhut ing dolanan Uri-uri uga bisa kadhudhah kanthi ngonceki cakepan tembange.

- tembung uri-uri tegese ‘tembe mburi’
- tembung njang-anjang tegesei rambatan utawa tuntunan
- tembung widadari minangka saloka kang ngemu teges ‘kaendahan / kabecikan’
- tembung celeret tegese cumlorote wahyu (ngelmu kang dfisinau)
- tembung tiba nyamplung tegese rumasuk ing pikiran (nyamplung = sirah)
- tembung ketundhung tegese ‘diwetokake’
- tembung kembang apa mujudake pitakonan menawa asil pangolahing pikir mau rikala diwetokake awujud pangucaping lesan apadene tindak tanduk wujud kayangapa (becik apa ala)
- tembung cupar nggambarake kahanane pawongan kang wujud ora sampurna (cacat)
- tembung tunggane gajah belang nggambarake menawa pawongan kang cacat mau pranyata ora sebaene (pinunjul)
- tembung ali-ali memanikan tegese sugih
- tembung suruh secandhik gedhe cilik padha methik tegese ‘akeh pigunane saingga akeh kang mbutuhake’.

Ing kene bisa ditegesi menawa dolanan bocah “Uri-uri” ngandhut piwulang sinandi menawa wong urip iku kudu tansah eling tembe mburi (uri –uri = mburi = tembe mburi).

Mula saka kuwi golek tuntunan/wulangan kang becik (Anjang-anjang=tuntunan; widadari= lambang kasulistyan/kabecikan).

Patisarine wulangan utawa tuntunan bakal rumasuk marang pikiran kang sawuse diolah (dipenggalih) asile bakal katitik saka tindak tanduk lan pangujcape. Piwulang kang rumasuk ing pikiran bakal nemtokake angen-angening pawongan mau.

Piwulang kang becik bakal nukulake angen-angen becik. Kosok baline, piwulang kang ala uga bakal nukulake angen-angen ala.

(celeret=kilat/wahyu; tiba nyamplung= mrasuk ing sirah; ketundhung kembang apa= metune dadi apa).

Kejaba saka kuwi menawa mbiji uwong ora mung ndeleng wujud kang katon (wujud lair). (Cupar cikbena = cacat badan ya ben). Sinajan cacat nanging pinunjul tur sugih banda (tunggangane gajah belang = tumpakane gajah belang; ali-ali memaikan= ali-aline tretet inten barlian).

Pindhane godhong suruh, sinajan katone ora pakra nanging akeh wong kang mbutuhake. (suruh secandhik gedhe cilik padha methik).

## **D. Patraping Dolanan**

### **1. Dolanan Bibi Tumbas Timun**

Bocah siji utawa luwih lungguh sila/timpuh (A). bocah-bocah liyane (B) ngadeg jejer-jejer gandhengan tangan ing sangareping A, nembangke tembang Bibi Tumbas Timun sinambi mlaku mincek-mincek maju mundur. Saenteking tembang bocah-bocah mau pada lungguh jejer-jejer neng ngarepe A. Sabanjure padha pacelathon:

B : thok...thok...thok... kula nuwun

A : nggih mangga... sampeyan sinten

B : Kengkenane mBok Danureja

A : Ajeng napa

B : Ajeng tumbas timun

A : O, timune lagi ditandur, kana muliha dhisik suk emben mreng maneh.

B : nggih

Bocah - bocah rombongan B mundur, terus mbaleni nembang Bibi Tumbas Timun lan mlaku mincek-mincek mamaju mundur maneh, kanthi patrap kaya sing wis.

Saenteking tembang banjur lungguh lan pacelathon kaya patrap kang uwis. Bedane ing babak iki A mangsuli “O timune Lagi thukul”, babak ping telu wangsulane A “o timune

Lagi godhong siji dipangan sapi”; babak ping papat wangdulane “o timune Lagi godhong loro dipangan kebo”; babak ping lima wangsulane A “o timune lagi kembang dipari kembang”; babak ping nenem wangsulane A “O timune lagi pentil wis padha prithil”; babak ping pitu wangsulane A “ya saiki timune wis awoh, olehe akon tuku pira?”.

Banjur B wangsulan ”sigar mawon”. A banjur celathu “Ya kana goleka dhewe, ning ngati-ati, neng alas akeh asune”.

Sauwise oleh wangsulan kasebut bocah-bocah (B) tumindak kayadene lagi ngundhuh timun. Banjur rombongan A ngoyak kanthi nyuwara njegog kaya dene asu.

## **2. Dolanan Uri-uri**

Bocah-bocah lungguh kupeng, tangane loro pisan diathungke mengarep kanthi ngepel lan jempol ngadeg. Jempol tangan kiwa dibekem dening tangan tengen, dene jempol tangan tengen dibekem dening tangan kiwane kancane. Sawise kabeh tangan padha tekem-tekeman jempol, tangane banjur dimunggah-mudhunke sinambi tetembangan mengkene: pong-pong bolong ndhog sapi pa ndhog kebo pecahan ndhoge loro, pong-pong bolong ndhog kebo pa ndhog sapi pecaha ndhoge siji.

Saben tembang tekan tembung pecaha ndhoge loro utawa siji, kepelan kang ana ngisor dhewe mbukak, banjur epek-epeke ditumpuk mengkurep. Yen pecah loro epek-epek sing dibukak loro, yen pecah siji epek-epek sing dibukak siji. Dene yen kepingin gelis tembange disalini pecaha ndhoge kabeh. Dadi sanalika kabeh kepelan mbukak, epek-epeke ditukpuk dadi siji.

Sabanjure, bocah kang epek-epek ana ndhuwur dhewe dadi embok, driji panuding tangane tengen nguyer-uyer gegere epek-epek kang ana ndhuwur dhewe sinambi nembang Uri-uri. Sawise tembange tekan tembung kembang apa, bocah kang epek-epeke diuri-uri nyebutake salah sawijining kembang. Saumpama bocah mau jenenge Siti, dheweke milih kembang mawar, kancakancane mbacutake anggone nembang mbang mawar-Siti oleh wong cupar. Saumpama bocah mau jenenge Dewi, dheweke milih kembang pace, kancakancane mbacutake anggone nembang mbang pace-Dewi oleh wong pece. Saenteke tembang, ‘embok’ (kang nguri-uri) nakoni kang diuri-uri bolah apa edom?. Yen bocah kang diuri-uri milih dom, geger epek-epek dijiwit cilik dening embok, diunggahake banjur epek-epeke ditemplokke neng pundhak. Yen epek-epek tangan tengen ditemplokke neng pundhak kiwa. Kosok baline, yen epek-epek tangan kiwa ditemplokke neng undak tengen.

Dene yen bocahe milih bolah, anggone nemplekke epek-epek neng pundhak kanthi dicekeli pucuk driji panunggule.

Sawise kabeh bocah epek-epeke wis tumemplok neng pundhak, si ‘embok’ banjur ngandul bocah-bocah mau sinambi tetembangan andul-andul susune mbok rara kidul goblag-gablug tiba kasur utawa andul-andul susune mbok rara dengkek oklak-aklek tiba mbethek. Yen tiba kasur bocah kasebut dindul-ndul mengarep-memburi banjur diget digeret memburi, ditampani pangkone si ‘embok’. Dene yen tiba mbethek, bocah kasebut dindul-ndul mengiwa-menengen banjur diget digeret mengiwa apa menengen nganti tiba ngglethak. Yen rikala tiba kasebut cekelane epek-epek neng pundhak ora ucul, bocah kasebut nggenteni dadi embok. Nanging yen ucul, tetep dadi sing diuri-uri.

## E. Larasing tembang

### 1. Tembang Bibi Tumbas Timun

Dolanan Bibi Tumbas Timun binarung swaraning tembang “Bibi Tumbas Timun” Laras Slendro Pt. 9:

I 1 1 1 2 I 2 3 2 1 I 1 . . 2 I 3 . 1 . I  
 Bi bi - bi tum - bas ti - mun, dhè - dhèk - a -  
 I 5 3 4 5 I 1 4 5 3 I 4 . 5 1 I 3 4 5 1 I  
 é mbok bi - bi Ta- nu - rê - ja mur - mêng mur -  
 I 4 4 5 1 I 3 4 5 4 I 4 4 5 1 I 3 4 5 4 I  
 wa, un - tu - né kê-na di - pra - da, lam-bé-né kê- na di- grén  
 I 4 1 1 1 I 1 1 4 1 I 5 5 4 4 I 3 . . 0 II  
 da, bi - bi bi - bi tum-bas ti - mun, si - gar ma - won

### 2. Tembang Uri-uri

Dolanan Uri-uri binarung tembang “Uri-uri” laras pelog pathet 6:

? 2 2 3 4 ? 2 2 3 4 ? 2 2 5 1 ? 2 2 1 6 ?  
 Ri u - ri ri u - ri njang an - njang wi - da - da - ri  
 ? 6 6 6 6 ? 2 2 1 4 ? 3 4 6 4 ? 3 4 3 2 . ?  
 Ce - le - ret ti - ba nyam-plung ke - tun-dhung kem-bang - e a - pa  
 ? 2 2 3 4 ? 2 2 3 4 ? 2 2 6 1 ? 2 2 1 6 ?  
 Mbang ma - war mbang ma- war si - ti o - leh wong cu - par  
 ? 6 6 6 6 ? 2 2 1 4 ? 3 4 6 4 ? 3 4 3 2 2 ?

Cu- par cu- par cik - ben -a tung-gang – a - ne ga - jah be -lang a-  
 ? 3 4 6 4 ? 3 4 3 2 . ? 2 2 2 2 ? 6 2 1 1 ?  
 li a - li me - ma - nik - an thik thik su-ruh se - can- dhik ge-  
 ? 6 2 1 1 ? 6 4 6 . ?

dhe ci - lik pa - dha me - thik

## F. Panutup

Dolanan bocah mujudake laladan kang becik kanggo marisake lan ngulinakake basa lan kapribaden Jawa tumrap bocah. Kanthi dolanan lan nembangake cakepan-cakepan tembang dolanan kang abasa Jawa, bocah dadi kulina ngucapake tembung-tembung Jawa. Kejaba saka kuwi, tembang-tembang dolanan Jawa uga ngandhut piwulang kapribaden kang bisa kanggo nyithak kapribadening bocah.

Dolanan bocah sethithike ana 477 werna. Nanging, ing wektu iki akeh dolanan bocah kang wis ora dimangerteni. Mula saka kuwi, butuh anane wadhah lan sarana kanggo ajang ndhudhah lan marisake dolanan bocah supaya kandhutan piwulang kang aji kasebut bisa kawarisake marang generasi penerus. Kejaba saka kuwi, ngiras ngirus kanggo ngulinakake bocah supaya wanuh, tepung, srawung, lan dunung marang basa lan kabudayan Jawa warisan para leluhure.

## WACAN SUMBER

- Dharmamulya, Sukirman, dkk., 1993 Transformasi Nilai Melalui Permainan Rakyat DIY. Yogyakarta: Proyek P3NB.
- Hadisukatno, S., 1970 Permainan Kanak-kanak Sebagai Alat Pendidikan. Buku Peringatan Taman siswa 30 tahun 1922 – 1952. Yogyakarta: Majelis Luhur Persatuan Taman siswa.
- Krisdyatmiko, 1999 Dolanan Anak: Refleksi Budaya dan Wahana Tumbuh Kembang Anak. (prakata). Yogyakarta: Plan International Indonesia.
- Kusumadiningrat, K.P.A., 1913 Serat Rarywa Saraya. Surakarta: Widya Pustaka.
- Mulyadi, Seta, 1999 “Bermain dan Pengembangan Kreativitas”. Dalam Dolanan Anak: Refleksi Budaya dan Wahana Tumbuh Kembang Anak. Krisdyatmiko ed. Yogyakarta: Plan International Indonesia.

- Sedyawati, Edi, 1999 “Permainan Anak-anak Sebagai Aspek Budaya”. Dalam Dolanan Anak: Refleksi Budaya dan Wahana
- Tumbuh Kembang Anak. Krisdyatmiko ed. Yogyakarta: Plan International Indonesia.
- Suyami, 2003 Pembinaan Budi Pekerti Melalui Permainan Anak Tradisional. Yogyakarta (Makalah Lokakarya Sumber Belajar
- Permainan pada Anak Usia Dini, diselenggarakan Balai Pengembangan Kegiatan Belajar Provinsi DIY).
- Tjitrosomo, t.t. Tembang Jawi

## **DATA PRIBADI**

Jeneng : Dra. Suyami, M. Hum.

Panggonan/tanggal lair : Magelang, 1 Januari 1965

Piwulangan : S1 tamat tahun 1988 di UNS Surakarta jurusan Sastra Jawa

S2 tamat tahun 1999 di UGM jurusan Sastra Indonesia dan Jawa

Pagawean : Staf Peneliti pada Balai Kajian Sejarah dan Nilai Tradisional Yogyakarta

Kantor : Balai Kajian Sejarah dan Nilai Tradisional Yogyakarta

Jl. Brigjen Katamso 139 Yogyakarta 55152, telp.  
(\*\*\*\*\*)

Omah : Perumahan Puri Domas Blok C. 10 Wedomartani, Ngemplak, Sleman, Yogyakarta. Telp. (\*\*\*\*\*), HP (\*\*\*\*\*)

Email : (\*\*\*\*\*)

## **Asil Panaliten kang wus kacithak dadi buku:**

1. Serat Cariyos Dewi Sri dalam Perbandingan (terbit 2001)
2. Konsep Kepemimpinan Jawa dalam Ajaran Sastra Jendra Sastra Ceth(terbit 2007)3.
3. Upacara Ritual di Kraton Kasultanan Yogyakarta (terbit 2007)
4. Permainan Tradisional untuk PAUD: Jamuran, Uri-uri, Bibi Tumbas Timun, Ancak-ancak Alis, Tukung-tukung, Cengkir Legi (terbit 2010)
5. Pergumulan Islam-Jawa: Kajian Naskah Kuna Serat Jasmaningrat (terbit 2010)